## Адыгэ литературэмк1э методикэ нэхъыф1хэр

## Щоджэнц1ык1у Алий и творчествэр школым зэрыщегъэджыпхъэр.

Щоджэнц1ык1у Алий. Куэд зымыгъащ1эу, куэд зылэжьа а ц1ыху гъуэзэджэм и ц1эр игъащ1эк1э мык1уэдыжыну ди лъэпкъ тхыдэм къыхэнащ. Щоджэнц1ык1у Алий къэбэрдей поэзием и классикщ, усак1уэ уахътыншэщ. Иджырей ди щ1эблэр гъащ1эм хуэпэжу, хьэл-щэныф1эрэ хабзэ-нэмысышхуэрэ , жэрдэм дахэрэ жыджэрыгъэрэ яхэлъу , адыгэ лъэпкъым и хабзэр, и нэмысыр, и тхыдэр ящ1эу къэхъунымк1э мыхьэнэ пыухык1а и1эщ Щоджэнц1ык1у Алий и творчествэр школым щегъэджыным. Щоджэнц1ык1у Алий теухуауэ еджак1уэхэм ящ1эн хуейщ:

- Усак1уэр адыгэ усыгъэм къыщыхыхьар, абы къик1уа литературнэ гъуэгуанэр;
- Абы и усэхэр ц1ыхубэм и этикэр, и хьэл-щэныр, и гъащ1эр, и гурыгъу-гурыщ1эхэр къэгъэлъэгъуэнымк1э хэк1ып1э гъуэзэджэу зэрыщытыр;
- Щоджэнц1ык1ум и тхыгъэхэм щыпхырыша гупсысэ нэхъыщхьэр, абыхэм я1э щхьэхуэныгъэхэр;
- Щоджэнц1ык1ум и творчествэм ди литературэм щиубыд увып1эр литературнэ критикхэм, адрей тхак1уэхэм къызэрагъэлъагъуэмк1э.

Усак1уэм и творчествэм еджак1уэхэр нэсу щыгъуэзэн папщ1э егъэгъуэтыпхъэщ есэныгъэ щхьэхуэхэр. Апхуэдэ есэныгъэхэм хохьэ:

- Художественнэ тхыгъэр зищ1ысымрэ ар искусствэ л1эужьыгъуэу зэрыщытымрэ къагуры1уэу;
- Художественнэ тхыгъэхэр яц1ыхуу, ахэр зытепсэлъыхьыр къагуры1уэу;
- Литературэм и теориемк1э программэм къигъэлъагъуэ гуры1уэгъуэхэр ящ1эу;
- Япэм ящ1эу щымыта псалъэхэр, псэлъэк1эхэр художественнэ тхыгъэхэм къыщащ1эк1эрэ я бзэр къулей ящ1ыфу;

- Художественнэ тхыгъэм зыхэщ1эгъуэу, гъэхуауэ къеджэу, къызэджар гук1э яубыдыфрэ нэхъыщхьэр къыхахыфу егъэсэныр.

Апхуэдэ есэныгъэхэр еджак1уэхэм ябгъэдэлъхьа хъун папщ1э къэгъэсэбэпыпхъэщ хуаугуэш (раздаточнэ) материалхэр, карточкэхэр, тегъэщ1ап1э тщ1ы таблицэхэмрэ схемэхэмрэ (опорные схемы), таблицэхэр, презентацэр, тестхэр, тхылъ щхьэхуэхэр, сурэт зэмыл1эужьыгъуэхэр.

Щоджэнц1ык1у Алий и творчествэр джыныр нэхъыщ1э классхэм къыщожьэ, апхуэдэу щыщытк1э, еджак1уэхэр мащ1эу щыгъуазэщ усак1уэм и гъащ1эмрэ и литератрнэ лэжьыгъэмрэ, ауэ нэхъ кууэ джыным щыхыхьэр еханэ классырщ. Школым щадж тхыгъэхэм нэхъыбэу къыщыгъэлъэгъуэжар ижь зэманырщ , гъащ1эжь блэк1ам ц1ыхубэм и псэук1амрэ телъа хьэзабымрэщ. Абы ипкъ итк1э убзыхупхъэщ усак1уэм и гъащ1эмрэ и тхыгъэхэмрэ зэпыщ1эныгъэ гуэрхэр я1эмэ.

Дэтхэнэ зы литературэ урокми хуэдэу, Щоджэнц1ык1ум и творчествэм щыхыхьэ урокыр поэзием и дакъикъэк1э къыщ1эбдзэ хъунущ (еджак1уэхэм япэ иту ягъэхьэзыр усак1уэм хуауса усэхэр)

Щапхъэ:

Усэ къарук1э бийр бгъэсу
Лъагъуэ насыпым хуэпщ1ат,
Уигу щыплъэм уи 1эр нэмысу
Хэщ1ап1э дэнэ щыпщ1а?
К1.А.
Уи гъащ1эр мащ1эу щытами,
Мык1уэдыжынхэр уи тхылъщ,
Ажалыр уэрк1э п1эщ1ами,
Ц1ыхубэм я гум ухэлъщ.
Щ. С.
Нобэ Алий тхэмытыжми,
Псоми ди гум 1эф1у илъщ.

Къигъэнауэ и лэжьыгъэр

Усак1уэшхуэм и фэеплъщ.

Гъу. Хъу.

Мыпхуэдэ щ1ык1эк1э еджак1уэхэр ешэл1а мэхъу усак1уэм и творчествэр джыным и мызакъуэу абы литературэм щиубыд увып1эр убзыхуным. Адэк1э хуэмурэ хэшапхъэщ еджак1уэхэр а лэжьыгъэм. Усак1уэм и биографиер егъэджыным къегъэув къалэн зыбжанэ :

- Еджак1уэхэр усак1уэм и творчествэм дегъэхьэхын;
- Абы и 1уэху еплъык1эм, и тхыгъэхэм зы1эпегъэшэн.

А къалэнхэр гъэзэщ1а хъун папщ1 еханэ классым ар къозэгъ джэк1ук1э, бгъдыхьэк1э зэмыл1эужьыгъэхэмк1э ешэл1эныр. Щапхъэ:

1. **«Зи к1эн къик1ахэр», «Вагъуэ шухэр» (хэт упщ1э нэхъыбэ къищ1эми, к1эн е вагъуэ къилэжьынущ)**

- Иджырей адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэт1ылъа, ди литературэм и зэхэублак1уэ , зи лъэпкъ культурэр лъагэу зы1эта усак1уэ.
- Щоджэнц1ык1у Алий дэнэ щ1ып1э ик1и дапщэщ къыщалъхуар?
- Щоджэнц1ык1ум и япэ усэр, ар щитха щ1ып1эр?

2. **«Лейр къэгъуэтын»**

- Рассказ, очерк, новеллэ, поэмэ?
- «Л1ыгъэм и дамыгъэ», «Щ1ымахуэ жэщ», «Нэху»
- «Хьэжыгъэ пут закъуэ», «Щ1ымахуэ жэщ», «Кхъужьей щ1агъым»

3. **Усак1уэм и гъащ1эм епхьэл1э хъуну псалъэжьыр къыхэхын**:

- Л1энми л1ыгъэ хэлъщ.
- Е пщ1ауэ ф1ы ущымыгугъ.
- Анэм и бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ.

4. **Упщ1эхэм я жэуап пэжыр къыхэхын, (+) (-) гъэувын**

- Пейзаж - француз псалъэм къыток1, абы «*щ1ып1э», «хэку»* жи1эу къик1ыу аращ. Тхак1уэхэм я художественнэ тхыгъэхэм куэдрэ къыщагъэсэбэп дунейм и щытык1эхэр щытепсэлъыхьу, къыщагъэлъагъуэу (+)

- Метафорэ - псэ зы1умытыр псэ зыпытым ещхьу къэгъэлъэгъуэн (-)
- Эпитет - алыдж псалъэщ, мыхьэнэ зэдзэк1а къик1ыу аращ. Ар поэтическэ троп л1эужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ: 1уэхугъуэ е щытык1э щхьэхуэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэм и мыхьэнэр зэдзэк1ауэ къэхьауэ (-)
- Эпитет-1уэры1уатэми тхак1уэхэм, усак1уэхэм я тхыгъэхэми ущрохьэл1э плъыфэ, щытык1э гуэрхэр къызэрыгуэк1ыу зэрыщымытыр къозыгъащ1э псалъэхэм(+)
- Зэгъэпщэныгъэ - зытепсэлъыхь 1уэхугъуэр нэхъ на1уэ хъун папщ1э зы предметыр нэгъуэщ1 предметым хуигъадэмэ (+)

5. **«Къэхутэныгъэ» (прогнозирование**) - еджак1уэхэм я пащхьэ усак1уэхэм я сурэт иралъхьэ, хуэгъэфэщауэ а сурэтхэм топсэлъыхь, ауэ 1эмал имы1эу щыткъым сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуар къамыц1ыхунк1э, ат1э абык1э еджак1уэхэр псалъэмакъым хэша мэхъу **(еплъ гуэдзэным 1)**
6. **Псалъэ къыхэхахэр тегъэщ1ап1э ящ1у усак1уэм теухуа рассказ к1эщ1 зэхэлъхьэныр.**

   Щапхъэ: Старэ крепость, «Цагъуэм и университет», Тырку, Кърым, Дагъыстэн, Бобруйск, н.гъу.

Еянэ, ебгъуанэ классхэм къыщыбгъэсэбэп хъунущ мыпхуэдэ бгъэдыхьэк1эхэр:

1. **Псалъэухахэр нэгъэсыжын**

   Сэ сощ1э Щоджэнц1ык1у Алий…

   Сэ гъэщ1эгъуэн сщыхъуащ…
2. **Таблицэмк1э гъэлэжьэныр**

| **Сощ1э** | **Сщ1эну сыхуейщ** | **Къэсщ1ащ** |
|---|---|---|
| | | |

3. **Кластер хузэхэлъхьэныр (еплъ гуэдзэным 2)**
4. **«Пресс-конференцэ»** - япэ иту еджак1уэхэм лэжьыгъэ ират Щоджэнц1ык1ум и биографием зыщагъэгъуазэ, упщ1эхэр зэхалъхьэ, адэк1э «журналистхэр», «авторыр» егъэджак1уэм къыхех, зэпсэлъэныгъэр ирагъэк1уэк1. **Щапхъэ:**

- Сыт фи лэжьыгъэ нэхъыщхьэр?
- Тхэным гу хуэфщ1ынымк1э дэ1эпыкъуэгъу къыфхуэхъуар хэт?
- Фи тхыгъэхэм нэхъ фигу ирихьыр?

1. **Гуп лэжьэк1эр, тестхэр.**

- Щоджэнц1ык1у Алий и гъащ1эм и къек1уэк1ык1ар (1 гуп)
- Тхэн щыщ1идза лъэхъэнэр (2 гуп)
- Тхыгъэ нэхъыф1хэр (3 гуп)

Апхуэдэ щ1ык1эхэмк1э усак1уэм и творчествэр зэпкърыха хъуа нэужь и тхыгъэ щхьэхуэхэр джыным и ужь ихьапхъэщ. Щоджэнц1ык1у и тхыгъэ нэхъыбэр пасэ зэманыжьым теухуауэ зэрыщытым къыхэк1к1э, тхыдэр тегъэщ1ап1э щ1ын хуейуэ къызолъытэ, тхыгъэм щытепсэлъыхь 1уэхугъуэр щек1уэк1а лъэхъэнэмрэ тхыдэмрэ зэпыщ1апхъэщ таблицэхэмк1э, картэхэмк1э, тхыдэм къыщыхьа фактхэмк1э, сурэт, видео гуэрхэмк1э ебгъэбыдыл1эми къозэгъ.

**Щапхъэ:** «Щ1ымахуэ жэщ» поэмэм лъабжьэ хуэхъуа лъэхъэнэр мыпхуэдэу тхыдэм къыщы1уэтащ: 1914-1918 гъэ пщ1ондэ ек1уэк1а империалист зауэр ц1ыху гъащ1эм къыщыхъуа нэхъ зауэ шынагъуэ дыдэхэм ящыщщ зыщ. Абы и зэхэублак1уэу щытар нэхъ къэрал хуэкъулейхэрщ – зы лъэныкъуэмк1кэ австро –германскэ къэралхэр (Австро –Венгрия, Италия , Германия ) - адрей лъэныкъуэмк1э Антантэр (Англия, Франция, Россия) . Тхыдэм къызэрыхэщыжымк1э, зауэм мелуанипщ1 хэк1уэдащ, мелуан тощ1ым нэс у1эгъэ хъуащ, мелуан зыбжанэ гъэру яубыдащ, зи к1уэдып1эр ямыщ1эхэри гъунэжщ – псори зэхэту мелуан щэщ1рэ блым щ1егъу. Зауае бзаджэм щхьэусыгъуэ хуэхъуари зи гугъу тщ1а къэралхэм я мылъкумрэ я гъунапкъэхэмрэ хагъэхъуэн мурадырщ. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, я фейдэ лъэпкъ хэмылъми, а маф1э л1ыгъейм я щхьэ хэзылъхьар ц1ыху къызэрыгуэк1хэрщ **(еплъ гуэдзэм 3).**

Щоджэнц1ык1ум и тхыгъэхэр тхылъеджэм нэсу зэхищ1энымк1э пейзажыр, дунейм и щытык1эр къызэригъэлъэгъуам мыхьэнэшхуэ и1эщ, абы гулъытэншэу ублэк1ыныр къезэгъкъым. Тхыгъэр джыным щ1эдмыдзэ щ1ык1э авторым дыхуегъэхьэзыр :

**«Щ1ымахуэ жэщ» поэмэм:**

Щапхъэ:

Жэщ губжьащи, жьы зэпихум
Бадзэ хужьыр крехьэк1,
Къуак1и тафи къимыгъанэу
**Джэбын** хужьыр къерешэк1.

Я уэрамхэр лъэужьыншэу
Уэсым псори исеят,
Уни, жыги **щ1ым щхьэ хуащ1у**
Хьэщхьэтеуэм дэгъуэлъат.

Мы псалъэхэмк1э на1уэ мэхъу а зэманым ц1ыхум къызэрыгуэк1ым и псэук1ар (сыт хуэдэ лэжьыгъэри презентацэк1э щ1эбгъэбыдыхьыж хъунущ) **(еплъ гуэдзэным 4)**

**«Мадинэ» поэмэм**

Жыгхэр гъэгъати,епэрхэр
Пщэдджыжь уэмым зэрихьэрт,
Жыгыщхьэ бзухэм я усэр
Махуэ щ1эращ1эм и пшынэт.
Пщэдджыжь дыгъэр уафэгум
Къимыхьэпауэ гъуэзыфэт,
Дыщафэм ещхьу уэсэпсыр
Пщ1ант1э удз щхъуант1эм и щыгъэт **(Мадинэ насып1ыф1эщ, дунейри къыдок1уэф1э)** **Егъэпщэн:** Гъэмахуэ жэщу мазэншэт (**Жэщ мазэншэм хуэдэу Мадини насыпыншэщ**). Мыпхуэдэ щапхъэхэм Щоджэнц1ык1ум и сыт хуэдэ тхыгъэми ущрохьэл1э, абы гулъытэ лей хуэщ1ыпхъэщ.

Щоджэнц1ык1ум и тхыгъэхэр щыбджк1э словарнэ лэжьыгъэми мыхьэнэшхуэ щи1эщ, жьы хъуа псалъэ куэд зэрыхэтым къыхэк1к1э. Тхыгъэм къыщеджэк1э еджак1уэхэм яже1апхъэщ ямыц1ыху псалъэхэр е зи мыхьэнэ ямыщ1э псалъэхэр къэрэндащк1э къагъэлъэгъуэну, иужьк1э езыхэм къахуэгъуэтмэ я мыхьэнэр къагъуэт е классым егъэджак1уэм и гъусэу йолэжь.

Ар мыпхуэдэ бгъэдыхьэк1эхэмк1э бгъэзащ1э хъунущ:

1. **Таблицэмк1э гъэлэжьэн, словархэр къагъэсэбэпк1эрэ.**

| Псалъэр | Мыхьэнэр | Къызэрагъэсэбэпыр |
|---|---|---|
| Ферс | Тыркухэм, къэжэрхэм ящхьэрыгъ шухьэ пы1э лъагэ ц1ык1у | Ферс щхьэрыт1эгъэн |
| Гуэншэрыкъ | Былымыфэ 1уэтам къыхэщ1ык1а вакъэ | Гуэншэрыкъыр игъэгъущри лъит1эгъэжащ |

2. **Сурэтк1э ебгъэлъагъу хъунущ.**

 - ферс, тыркухэм, къэжэрхэм ящхьэрыгъ шухьэ пы1э лъагэ ц1ык1у

 - гуэншэрыкъ, былымыфэ 1уэтам къыхэщ1ык1а вакъэ

3. **Урысыбзэк1э псалъэхэр зэребгъэц1эк1 хъунущ:**

   Ферс – феска

   Гуэншэрыкъ – чувяки

4. **Псалъэ гуры1уэгъуейхэм синоним, антоним къыхуегъэхьын:**

   Ферс – пы1э

   Гуэншэрыкъ- к1эрэхъ, вакъэ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр сэбэп мэхъу еджак1уэм и бзэм зиужьынымк1э, къулей хъунымк1э, къеджэк1эр еф1эк1уэнымк1э, словарь щхьэхуэхэм ирилажьэу есэнымк1э.

Тхыгъэм и содержанэр джынымк1э, къэ1уэтэжынымк1э хэк1ып1э хьэлэмэту къызолъытэ тхыгъэм план хуэгъэувыныр, тезис к1эщ1хэр хузэхэлъэныр, пычыгъуэ щхьэхуэхэм иллюстрацэ хуэщ1ыныр, зэгъэпщэныгъэр, зэпэщ1эгъэувэныгъэр, квантование- пычыгъуэк1э зэпыудауэ къеджэныр, инсертыр - тхыгъэм укъыщеджэк1э дамыгъэхэр тегъэувэн: “v” – сощ1э, “+” – щ1эуэ къэсщ1ащ,

“-” – сызэремыгупсысауэ къыщ1эк1ащ, “?” – ф1ыуэ къызгуры1уакъым, упщ1э си1эщ.

**Щапхъэ**: «Щ1ымахуэ жэщ» поэмэм и сюжетыр к1эщ1у ик1и гуры1уэгъуэу къэт1уэтэжын папщ1э гупищу гуэшауэ лэжьыгъэ зырыз гъэзэщ1эн, тхыгъэр 1ыхьищу зэпыудауэ иллюстрацэ хуэщ1ын, тепсэлъыхьын **(еплъ гуэдзэн 5)**

1 гуп - Зи л1ыр зауэм хэк1уда фыз тхьэмыщк1эмрэ абы и къуэ закъуэмрэ я псэук1эр.

2 гуп - Анэ тхьэмыщк1эр пащтыхьыжьхэм я деж лъэ1уак1уэ мак1уэ.

3 гуп - Анэм и щхьэцыр ищэри бэзэр шхын къищэхуауэ къэк1уэжащ, ауэ "къуэр дияуэ" кърохьэл1эж.

**Зэгъэпщэныгъэ:** унэ **пхашэм** -унэ **нэхухэм**, **абджыпс** унэм, дуней **хьэлъэ - жэнэт** псынэ, **гуф1**э пшынэ, нэгъуэщ1хэри. Гу зылъытапхъэ: а зэманым ек1уэк1а зэхуэмыдэныгъэр, хуэкъулейхэм тхьэмыщк1эр ираудыхыу, ц1ыхум хамыбжэу зэрыщытар мы щапхъэхэмк1э на1уэ мэхъу.

**Квантование-** мы 1уэху бгъэдыхьэк1эм 1эмал къыдет еджак1уэхэм псоми зэхуэдэу тхыгъэ зэджар къагуры1уэнымк1э, текстыр нэхъ к1эщ1, гуры1уэгъуаф1э, зыхэщ1эгъуаф1э, гъэщ1эгъуэн тщещ1, пычыгъуэ къэс хуэдгъэув упщ1эхэм я жэуапыр къэлъыхъуэгъуаф1э мэхъу, абыхэм 1эмал къыдат тест лэжьыгъэхэр зэхэгъэувэнымк1э, ар щыуагъэншэу гъэзэщ1энымк1э .

**Щапхъэ:** «Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказыр

**Хьэмид и унагъуэр.**

Хьэми и унагъуэр тхьэмыщк1эщ, къулейсызщ. Жэщ махуэ имы1эу л1ыщ1э пэтми, абы и унагъуэр зыхуей хуэзэу ип1ыжыфыркъым, щ1ымахуэм шхыныншэ хъури Тембот хьэжыгъэ пут къри1ыхащ, гъэмахуэм и мэкъур хупиупщ1ыну.

**Гъэмахуэр къэсащ.**

Тембот хьэжыр Хьэмид деж къок1уэ, нобэ мэкъур памыпщ1мэ к1уэдыжыну тхьэ ще1уэж. Хьэми гъуэмылэншэщ, ауэ мэкъуауэ мык1уэу хъуркъым.

## Хьэсет гъуэгу тоувэ.

Хьэсет, зи ныбжь нэмыса сабийм, адэм гъуэмылэ хуихьын хуейуэ и пщэ къыдохуэ. Гъэмахуэ хуабэу ц1ывыгъуэми, щыгъыныджэу пц1анэ, лъапц1э пэтми, Хьэсет л1ыгъэ хэлу гъуэгу тоувэ. Абы гугъуехь псори щогъупщэ и адэмрэ и къуэш нэхъыжьымрэ къызэрыщытхъунум щегупсыск1э.

## Муратрэ Хьэсетрэ зэхуозэ

Хьэсет гъуэгу тету здэк1уэм Мурат, Хьэжым и къуэм, хуозэ. Ар шыгу зэщ1эщ1ам исщ, ек1уу, дахэу хуэпащ, и батинк1э ц1ык1уит1ри лыдыжу щыгъщ. Ар реальнэ училищэм щоджэ, адыгэбзэр имыщ1эжу зещ1, хьэсет къызэрипэсыркъым, ауан къещ1. Хьэсет Мурат зэрыхуэзам щыгуф1ык1ами, псынщ1эу къыгуро1уэ ар ныбжьэгъу къызэрыхуэмыхъунур ик1и и хъэлъэр къещтэжри и гъуэгу тоувэж.

## Пщы1эм

Хьэсет пщыхьэщхьэхуегъэзэк1 хъуауэ пщы1эм нэсащ. И адэмрэ и къуэш нэхъыжьымрэ абы къыщыгуф1ык1ащ, къыщытхъуащ. Ахэр т1эк1у едзакъэри гъуэлъыжащ. Хьэсет насыпыф1эу зилъытэжырт а дакъикъэм.

Ет1уанэ пщэдджыжьым мэкъу пыупщ1ынри яухауэ, Хьэжыр пщы1эм къытехьащ. Ар губжьауэ псалъэрт, мэкъуу паупщ1ам нэхърэ къытранар нэхъыбэу жи1эу. Хьэжыгъэ пут закъуэм и бэлыхьыр зэримыухар псоми къагуры1уат Хьэжым и псэлъэк1эмк1э. Гуэдзыр я1уэмэ, путищ трилъхьэжыну, щ1алэ нэхъыжьри тумэнищк1э щ1ымахуэ л1ыщ1эу иритыну Хьэмид Хьэжым гуры1уащ.

**Тест хузэхэлъхэьэн:**

1. Хьэмид и унагъуэр:
   a. тхьэмыщк1эщ
   b. къулейщ
   c. лэжьак1уэшхуэщ
2. Хьэсет тхыгъэм къыхощ:
   a. нэ ф1ыщ1э ц1ык1у
   b. шыд ф1еижь ц1ык1у

c. реальнэ училищэм щоджэ

3. Хьэсет губгъуэм мак1уэ:

   a. зыплъыхьак1уэ

   b. лэжьак1уэ

   c. гъуэмылэ адэм хуехь

4. Хьэжыр:

   a. жумартщ

   b. нэпсейщ

   c. гущ1эгъуншэщ

5. Хьэмид и унагъуэр гъэрып1эм изышар сыт

   a. пц1ы упсыным

   b. лей зехьэным

   c. хьэжыгъэ пут закъуэм.

**Псалъэжьхэр къыхуэхьын**: Изрэ нықъуэрэ зэрыщ1эрэ? Щхьэ къуийм и лажьэр щхьэ псом ищ1эркъым. **(еплъ гуэдзэным)**

Тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьхэр джынымк1э сравнительнэ анализ щ1ыным мыхьэнэшхуэ и1эщ.

**1. Таблицэхэмк1э гъэлэжьэн**

| Персонажым и теплъэ, и хьэл-щэн, зэф1эк1, щытык1эхэр | А щытык1эхэр къэзгъэлъагъуэ и 1уэхущ1афэхэр | Хуэфащэ пщ1эр и мыхьэнэр |
|---|---|---|
| | | |

**2. Персонажхэр зэп1эщ1эгъэувэн, зэгъэпщэн**

| Мадинэ | Пылыжь Джэрий |
|---|---|
| Мадинэ- « и набдзэр мазэщ1эм хуэдэу, къурашэу», «пшэк1ухьым ещхьу, щхьэц ф1ыц1эм», «щыгъэхум ещхьу щынэдзэр», «псы хуэм ес къазу», «жэнэт бзу», «дахэ сурэту», «дахэ бжьо плъыфэу», «губгъуэ тхьэрыкъуэу», «тхьэрыкъуэ пщэхуу», «удз | Пылыжь Джэрий – «пл1эухуэжь», «псэлъыхъу щ1алэжь», «жьындуужь набдзэ», «Джэрий нықъуэтхъур», «л1ыжь ябгэр», «бзаджэжьыр» |

| | |
|---|---|
| гъэгъагъаищ1эу» н. гъу… | |

3. **Диаманта - сатыриблу зэхэт усэ гъэпсык1эщ, япэ псалъэмрэ иужьрей псалъэмрэ антоним зэхуэхъуу (еплъ гуэдзэным)**

**Къасым**

Нэпсей, пц1ыупс

губжьын, шхыдэн, унафэ щ1ын

Мылъку, унафэ, пц1ы, фейдэ

Лъэ1уэн, убзэн, дэ1уэн

Щабэ, хьэлэл

**Умар**

Тхыгъэ яджар егъэбыл1энымк1э, и мурад нэхъыщхьэхэм лъэ1эсынымк1э синквейныр, кластерыр, псалъэхэр зыхуэхьыныр, кроссвордхэр 1эмал гъуэзэджэщ.

| **Щапхъэхэр** | **Тропхэр** |
|---|---|
| Жьэщ губжьащи, жьы зэпихум.. | эпитет |
| Бадзэ хужьыр къреxьэк1... | метафорэ |
| Джэбын хужьыр кърешэк1... | зэгъэпщэныгъэ |
| Унэ нэхухэм шыщ1эж фадэр... | эпитет |
| ...щ1ымахуэжьыр - дыгъужь нэщ1ауэ... | метафорэ |
| И жыхафэм жьыр щыджэгуу... | эпитет |
| Анэ нэщ1ым и гущ1эгъурщ... | къэгъэпсэуныгъэ |
| Нэпс щ1агъэжу анэ гъурхэр... | зэгъэпщэныгъэ |
| Щ1ак1уэ хуэдэу, щхьэц ф1ыц1эшхуэр... | къэкъэпсэуныгъэ |
| Унэ пхашэм ар щогуф1э.... | зэгъэпщэныгъэ |

«Щ1ымахуэ жэщ» поэмэм гупит1у гуэшауэ синквейн зэхалъэ - зауэ -мамырыгъэ

**Зауэ**

Гущ1эгъуншэ, гуащ1э.

Мэныкъуакъуэ, мэзауэ, яук1.

Зауэм и к1эр хьэдагъэщ

Л1эныгъэ

**Мамырыгъэ**

Дахэ, щ1эращ1э

Дегъэгуф1э, дегъэгушхуэ, дохъумэ

Мамырыгъэм ц1ыхури добжьыф1э.

Гъащ1э.

Мыпхуэдэ щ1ык1эм тету еджак1уэхэр гупысысэ нэхъыщхьэм ешэл1а мэхъу: дэтхэнэ зы ц1ыхуми гулъытэ, гущ1эгъу, зэхэщ1ык1, шы1эныгъэ, зэгуры1уэ, мамырыгъэ, лъагъуныгъэ хэлъу щытын зэрыхуейрщ.

Еянэ , ебгъуанэ классхэм литературнэ тхыгъэр щаджк1э къэбгъэсэбэпыну къозэгъ тхыгъэм сценарие хузэхэлъхьэныр, ар гъэувыныр ( «Мадинэ», «Къамботрэ Лацэрэ», урок-дисскуссия жыхуи1э л1эужьыгъуэр къэгъэсэбэпыныр («Мадинэ» - Умар и образыр)

Щоджэнц1ык1у Алий и творчествэм, шэч хэмылъу, лъэпкъым и ц1ыху нэс къэгъэхъунымк1э мыхьэнэшхуэ я1эщ, ар яджк1эрэ еджак1уэхэм ягъуэта щ1эныгъэм къыдэк1уэу гъащ1эм хуэзгъэхьэзыр чэнджэщхэр ягъуэт.

**Къэзгъэсэбэпа литературэр**


1. Адыгэбзэ псалъалъэ. Москва, 1999.
2. Зэхъуэхъу Л. Хь. ЩоджэнцIыкIу Алий и бзэм и псалъалъэ. Налшык, 1971.
3. Интернет ресурсхэр.
4. К1эрэфМ.Ж., К1эрэф А.М. Литературэмк1э методическэ чэнджэщхэр. «Эльбрус» тхылъ тедзап1э 2001 гъэ
5. Шэвлокъуэ П.Ж. Гъащ1эм и плъыфэхэр. «Эльбрус» тхылъ тедзап1э 1994 гъэ.
6. Щоджэнц1ык1у А.А. Тхыгъэхэр. «Эль-фа» тхылъ тедзап1э 2006 гъэ

# Гуэдзэн

**1. Щоджэнц1ык1у Алий зи тегъэщ1ап1э кроссворд**

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | Щ | | | | |
| 2 | | | | О | | | | |
| | | | 3 | ДЖ | | | | |
| | | | 4 | Э | | | | |
| 5 | | | | Н | | | | |
| | | | | Щ1 | | | | |
| 6 | | | | Ы | | | | |
| | 7 | | | К1У | | | | |
| | | | | * | | | | |
| | | | 8 | А | | | | |
| | | 9 | | Л | | | | |
| | 10 | | | И | | | | |
| | 11 | | | Й | | | | |

1) . . . –щ … и лъабжьэр тенджызу,
Гызыжу кхъухьхэр къепщыл1эу,

2) « . . . и дыгъуасэхэр».

3) . . . -щ1э схуиду, сыгуф1эу,
Щ1эст, си гухэхъуэхэр и1эту.

4) «…Сыт и лажьэ . . . нобэ?
1эжьэгъу хъуамэ, лей ищ1акъым.

5) Сощ1эж – . . . и набдзэр
Мазэщ1эхэм хуэдэ къурашэу…

6) « . . . и зы махуэ».

7) Абы хэту л1ыжь . . . –м
«Маржэ» пшынэр зэщ1ищ1ащ,

8) . . . , ф1ыти сыкъыумылъхуамэ,
Бэлыхьми ухэзмыдзамэ, …

9) Зэныбжьэгъуит1ым я закъуэщ,
Гукъеуэр нобэк1э зэхуэдэщ,
1уэху щэху зэрахьэр къадэхъумэ,
. . . дежк1и гуф1эгъуэщ.

10) Гъэщ1эгъуэныщэкъэ . . . и дежк1э:
«Плъыжь» командирыр хужь гъуазэщ.

11) « . . . щ1агъым».

**2. Къэк1уэну псалъэ гупхэр зыщыщ тхыгъэхэмрэ ахэр зи 1эдакъэщ1эк1хэмрэ къэщ1эн**

1) данэпс
1уащхьэ
маф1эс
гъэхъунэ

2) лъадакъачэ

ауз

быдап1э

сын

3) гуэншэрыкъ

уэсукхъуэ

жармык1э

анэл

**3.** Усак1уэм «ар хущхъуэншэщ – мыхъужынщ» жыхуи1ар сыт? Жызы1ари хэт? Сыт хуэдэ тхыгъэ абы ущрихьэл1ар?

Усак1уэм и унэц1эм хэт хьэрфхэм псалъэщ1э къыхэщ1ык1.

**4.**Диаманта - сатыриблу зэхэт усэ гъэпсык1эщ, япэ псалъэмрэ иужьрей псалъэмрэ антоним зэхуэхъуу

1. Зы щы1эц1э
2. Плъыф1эц1ит1
3. Глаголищ
4. Щы1эц1ипл1(япэ щы1эц1эм епхьэл1э хъуну)
   Антонимхэм дыхуок1э
5. Глаголищ
6. Плыфэц1ит1
7. Щы1эц1э(япэ псалъэм и антоним)

**Щапхъэ:**

**Къасым**

Нэпсей, пц1ыупс

Губжьын, шхыдэн, унафэ щ1ын

Мылъку, унафэ, пц1ы, фейдэ

Лъэ1уэн, убзэн, дэ1уэн

Щабэ, хьэлэл

**Умар**